

# Pwoteje tèt ou, fanmi w ak kominote w kont COVID-19.



Pran vaksen an epi rete ajou.



Pi bon pwoteksyon kont COVID-19 se pou rete ajou nan vaksen COVID-19 yo. Sa vle di vaksinen nèt epi pran yon vaksen rapèl. Moun ki vaksine nèt gen mwens chans anpil pou yo vin malad oswa pou yo pwopaje viris ki lakòz COVID-19 la, espesyalman si yo pran dòz rapèl la.

Jwenn plis enfòmasyon sou [mass.gov/CovidVaccine](https://mass.gov/CovidVaccine)

Fè yon tès.



Nou rekòmande anpil pou fè tès COVID-19 la, li gen ladan l tès lakay ki fèt rapid. Fè tès si ou gen sentòm yo.

Jwenn plis enfòmasyon sou [mass.gov/GetTested](https://mass.gov/GetTested)

Fè yon tretman.



Si ou teste pozitif, pale avèk doktè ou a tousuit konsènan opsyon tretman ki disponib pou moun ki gen sentòm lejè jiska modere.


Jwenn plis enfòmasyon sou [mass.gov/CovidTreatments](https://mass.gov/CovidTreatments)

Rete lakay si ou santi ou malad



Lè w rete lakay ou li ede evite pwopaje maladi a.

Mete yon mask si ou bezwen l.



Jwenn plis enfòmasyon sou [mass.gov/MaskUpMA](https://mass.gov/MaskUpMA)

Aktive MassNotify sou Esmatfòn ou.



MassNotify se yon zouti ki pa itilize non w ki avèti moun ki ka te ekspozè ak COVID-19.

Jwenn plis enfòmasyon sou [mass.gov/MassNotify](https://mass.gov/MassNotify)

Lave men w.



Lave men ou souvan avèk savon ak dlo tyèd.

Oswa itilize dezenfektan pou men ki gen pou pi piti 60% alkòl.

Jwenn plis enfòmasyon sou [mass.gov/CovidVaccine](https://mass.gov/CovidVaccine)

